



31 oktòb 2024

Chè Mesye Davis,

Se Steward Health Care, LLC ki emèt lèt sa a kòm repons bay lèt Department of Public Health (depatman an) te emèt 29 oktòb 2024, kote yo te mande enfòmasyon siplemantè sou plan fèmte Norwood Hospital e kabinè satelit otorize li yo ki Norwood e Foxboro (Norwood oubyen lopital la oubyen satelit la). Nou ofri enfòmasyon annapre la yo kòm repons a lèt depatman an :

1. **Enfòmasyon sou adrès e kapasite nan sèvis lòt lopital yo :** Depatman an mande yon evalyasyon konplè sou adrès e kapasite lòt sit yo pou chak sèvis otorize nan lopital la e nan kabinè satelit yo, sa gen ladan kominikasyon jouk kounyeya sou kapasite lòt sit yo. Depatman an mande tou plan pou kontinye kominikasyon avèk lòt sit yo.

Steward Healthcare founi plizyè lòt sit pou kontinye livrezon swen bay pasyan li yo. Steward bay dat pou randevou ki disponib yo pou pasyan ematoloji oubyen onkoloji k ap resevwa swen nan Foxboro Satellite.

Tout pasyan resevwa / pral resevwa lèt pou enfòmasyon yo sou plan fèmte ansanm ak ki lòt sit ki genyen epi mande pou yo kontakte doktè pa yo a pou tretman epi pou fè tès ki nesite lòt demann epi/oubyen apwobasyon.

Sa fè 4 lane depi lopital la fèmen, e kabinè satelit yo ap sispann swen pou pasyan yo le 31 oktòb 2024 ; kidonk, pa p gen okenn lòt kominikasyon k ap fèt avèk sit altènatif yo apre fèmte a.

2. **Kapasite sèvis ijans lan :** Depatman an mande pou fè yon evalyasyon konplè sou sèvis ijans (emergency department, ED) lòt lopital yo e enpak k ap genyen sou anbakeman nan ijans lòt lopital yo.

Sèvis ijans lopital Norwood la fèmen depi 28 jen 2020. Enpak sou lòt lopital yo te tabli depi nan lè sa a, e fèmte satelit otorize yo, ki pa founi swen ijans, p ap gen okenn enpak sou sèvis ijans ki ozalantou yo.

3. **Yon evalyasyon sou bezwen nan transpò apre fèmte e yon plan pou satisfè bezwen sa yo :** Depatman an mande enfòmasyon sou jan lopital la evalye bezwen transpò pasyan li yo e kominote a, e rezilta evalyasyon sa a, epi kòman lopital la gen lentansyon satisfè bezwen ki te evalye yo.

Lè lopital la t ap fonksyone, li te evalye bezwen transpò chak pasyan lè yo te admèt atravè plizyè evalyasyon. Enfòmasyon sa a te itilize nan plan sòti miltidisiplinè a. Enfòmasyon an disponib kounyeya nan dosye medikal elektwonik (electronic medical record, EMR) la pou founisè pasyan ki pa entènè.

Steward te fè yon revizyon sou resous transpò kominote ki disponib yo pou pasyan k ap resevwa swen nan satelit otorize yo. Steward Healthcare pa gen kapasite pou l founi asistans kontini nan zafè bezwen transpò apre fèmte satelit yo le 31 oktòb 2024. Gen lòt enfòmasyon siplemantè ki disponib sou paj dakèy lopital la.

4. **Orè anbilans :** Depatman an mande enfòmasyon sou enpak fèmte a ap gen sou tan sikilasyon anbilans pou ale e soti nan lòt lopital ansanm ak enfòmasyon sou kisa devi sa yo baze e si yo anvizaje tan li pran pou yon anbilans tounen nan zòn sèvis prensipal li a.

Sèvis ijans lopital la fèmen depi nan mwa jen 2020, e fèmte k ap fèt alèkile yo se sit pou pasyan ki pa entènè e yo p ap gen okenn enpak sou sèvis anbilans nan lòt lopital yo.

5. **Yon pwotokòl ki detaye mekanis pou mentni swen kontini pou pasyan ki gen aktyèlman :** Depatman an mande enfòmasyon sou kòman yo pral mentni swen kontini pou chak sèvis e ki resous k ap disponib pou pasyan ki bezwen asistans tousuit epi lè satelit yo fèmen.

Tout pasyan e founisè te avèti oubyen ap avèti alekri epi/oubyen an pèsòn. Apèl telefonik te fèt bay pasyan ematoloji/onkoloji ki suiv tretman alèkile pou enfòmasyon yo sou fèmti ki prevwa a e ki altènatif ki disponib.

Tout pasyan imajri ap enfòmasyon alèkile alekri sou fèmti ki prevwa a epi pou mande yo kominike avèk PCP pa yo a oubyen avèk doktè espesyalize a pou yo jwenn nouvo preskripsyon si sa nesesè.

Tout pasyan te founi avèk lis lòt lopital pou yo jwenn swen epi tretman.

Anplis, nimewo telefòn sèvis pou pasyan an ap rete louvri pou tou kesyon pasyan poze oubyen pou pasyan ki bezwen asistans avèk yon altènatif.

Paj dakèy Norwood Hospital la gen enfòmasyon sou Doctor Finder (jwenn yon doktè) pou ede pasyan yo jwenn doktè pa yo a.

6. **Yon pwotokòl ki dekri kòman pasyan nan zòn sèvis lopital la ap jwenn sèvis nan lòt lopital yo :** Depatman an mande enfòmasyon sou mezi lopital la pran pou ede pasyan yo jwenn sèvis nan lòt lopital, sa gen ladan tou kòman lopital la ap kominike soutyen imedyatman bay pasyan e kominote a, sa gen ladan men se pa sèlman kòman pou jwenn nimewo telefòn pou asistans pasyan an.

Tout pasyan satelit otorize Norwood Hospital yo resevwa oubyen pral resevwa lèt ki dekri plan fèmti an epi enfòmasyon sou lòt lopital pou swen kontini. Pasyan ematoloji/onkoloji resevwa enfòmasyon sou pwochen randevou ki disponib yo. Pasyan imajri yo resevwa enstriksyon pou yo kontakte doktè pa yo a oubyen doktè espesyalize pa yo a pou yo jwenn nouvo preskripsyon si sa nesesè pou imajri oubyen reyadaptasyon.

Enfòmasyon sou liy asistans telefonik pou pasyan an te nan lèt yo e disponib tou sou paj dakèy Norwood Hospital.

7. **Sansibilizasyon piblik la :** Depatman an mande enfòmasyon sou ki mezi ki te pran pou tout aktè rete enfòmasyon sou fèmti ki pral gen e sou resous k ap disponib pou yo apre tout fèmti yo.

Tout pasyan satelit otorize Norwood Hospital yo resevwa oubyen pral resevwa lèt ki dekri plan fèmti an epi enfòmasyon sou lòt lopital pou swen kontini. Pasyan ematoloji/onkoloji resevwa enfòmasyon sou pwochen randevou ki disponib yo. Pasyan imajri yo resevwa enstriksyon pou yo kontakte doktè pa yo a oubyen doktè espesyalize pa yo a pou yo jwenn nouvo preskripsyon si sa nesesè.

Enfòmasyon sou liy asistans telefonik pou pasyan an te nan lèt yo e disponib tou sou paj dakèy Norwood Hospital.

Anplis, fèmti ki prevwa a te nan nouvèl medya e jounal lokal. Steward Healthcare kontakte politisyen e fonksyonè lokal, EMS, epi te ale nan 2 odyans piblik le 21 e 22 oktòb 2024.

8. **Enpak sou anplwaye :** Depatman an mande enfòmasyon sou pwotokòl sou kòman e kilè ap gen yon lòt asanble piblik pou anplwaye yo, e ki mezi siplemantè e imedyat k ap pran pou asire anplwaye lopital la gen enfòmasyon e soutyen yo bezwen alavni.

Dezyèm asanble piblik la te fèt 25 oktòb 2024.

Tout sendika te enfòmasyon sou plan fèmti yo e sou dat fèmti a le 1^e novanm 2024. MassHire te siplas nan satelit yo nan semèn 21 oktòb 2024 la.

9. **Plan kominikasyon pou pasyan :** Depatman an mande pou enfòmasyon siplemantè sou si/lè lèt sa yo te voye ale, kopi modèl lèt la pou lèt ki te voye bay chak pasyan, bon nimewo asistans telefonik pasyan an, e dire tan nimewo asistans telefonik la ap disponib pou pasyan an.

Lopital la ap founi kopi tout lèt ki te voye oubyen k ap voye bay pasyan yo. Nimewo asistans telefonik pou pasyan an se 617-789-2228. Yon revizyon sou volim nimewo asistans telefonik pou pasyan an revele yon itilizasyon minim ant 7:00 - 8:00 a.m. e 5:00 - 7:00 p.m. Lè plis moun rele se ant 10:00 a.m. e 2:00 p.m.,

kidonk apati 4 novanm, nimewo asistans telefonik pou pasyan an ap disponib ant 8:00 a.m. e 5:00 p.m.
Nimewo asistans telefonik pou pasyan an ap kontinye mache jouk nan fen lane a.

10. Delè e kominikasyon apre fèmti : Depatman an mande yon delè pou fèmti total e dezokipasyon lopital ki pasyèlman fèt la ansanm ak kat (4) satelit li yo apre 5 novanm 2024. Anplis, depatman an mande enfòmasyon pou yon kontak nan lopital la e nan Steward Health Care pou apre 5 novanm 2024.

Tout sèvis swen pou pasyan yo nan satelit otorize ap kanpe 31 oktòb 2024. Dezokipasyon lopital yo ta dwe fini le 30 novanm 2024.

Kiyès pou kontakte :

Octavio Diaz, MD, CMO
Steward Healthcare, LLC.
1900 N. Pearl St. Ste. 2400
Dallas TX 75201

11. Prezèvasyon konpetans kiltirèl yo : Depatman an mande pou lopital la prezante yon plan pou prezèvasyon konpetans kiltirèl nan swen yo, sa gen ladan gwo sèvis tradiksyon ki founi alèkile bay pasyan lopital la e satelit li yo e nan tout lòt lopital ki idantifye yo.

Lòt lopital yo ap patisipe yo tout nan pwojè ekite medikal nan tout eta a. Anplis, lopital sa yo founi aksè nan sèvis entèprèt e nan lòt akomodman 24 è pa jou e 7 jou nan semèn lan pou pasyan ki gen pwoblèm tannman e pasyan ki gen anglè kout. Sèvis sa yo founi san pasyan pa peye anyen e pou sa ki kominike onon yon pasyan. Sit entènèt Shields MRI e Rayus endike disponiblite sèvis entèprèt yo pou paysan ki pa pale anglè. Disponiblite sèvis entèprèt la varye nan lòt sant imajri e reyadaptasyon endepandan oubyen prive.

12. Enfòmasyon siplemantè : Depatman an mande non e kowòdone pou :

Vandè pou dosye medikal

Vandè pou dosye medikal la se Healthcare Data Management Solutions – MRO Corp.
Corporate Headquarters
1000 Madison Ave. Suite 100
Norristown, PA 19403
(610) 994-7500

Founisè estokaj dosye anplwaye yo

Plan an se pou estoke dosye anplwaye yo nan ACCESS - yon konpayi ki estoke e rekipere dosye nan adrès sa a :

249 North Street
Danvers MA 01923

Plan pou famasi ki nan 70 Walnut Street, Foxborough

Avi 14 jou annavans, jan DEA konseye sa te voye bay biwo divizyon DEA a tankou tou yon avi bay pwogram kontwòl dwòg nan Massachusetts (Massachusetts Drug Control Program) e konsèy famasi nan Massachusetts (Massachusetts Board of Pharmacy). Sit Foxboro a pa janm estoke okenn sibstans ki kontwole. Pa konsekan, pwoblèm avèk sibstans kontwole yo pa yon pwoblèm.

kopi : A. Sousa, DPH
J. Bernice, DPH
K. Fillo, DPH
J. Gagne, DPH
M. Callahan, DPH
R. Rodman, Husch Blackwell

